

# Usanyara

NaJ. C. Choate



# Usanyara

Vazhinji vanonyara nekuda kweshoko raKritsu. Vanonyara kuti vamwe vavo vazive kuti vanotenda muna Mwari, uye kuti vateedzeri vaKritsu. Vanonyara nokuda kwekereke uye vanonyara kuparidza kuti ndiyo Kereke Imwe chete yakatengwa nekusukwa neropa ralshe. Havade kutaura mukutsuura pamusoro pezvinhu zvakaipa nekumira pachokwadi.

Sei vanhu vachiramba vakanyarara? Nokuti vanoda nyika nekuramba vari mukati meruzhinji munyika uye muzvitendero zvenyika. Vanozvita mukutsvaka kuva nembiri nekugamuchirwa. Havade kuitwa vanhu vanepfungwa dzakamanikidzika uye vanoda kudyidzana neruzhinji. Pane kuti vataure kuda kwaKritsu vanozama kuda kuzvisanganisa neshamwari dzavo newavakidzani, nehamadzawo dzisiri maKritsu, kuitira kuti pasava nomunhu anova neruvengo pakati pavo. Kuita kwavo kwakatopesana nekweMakritsu ekutanga aitoshuwira kufa pane kuti varambe Ishe vavo. Vaifara "*zvavakanzi vakafanirwa kunyadziswa nokuda kwezita rake*" (Mabasa 5:41).

Muapostora Pauro anoti, "*Nokuti **handinyari** pamusoro peEvhangeri; nokuti isimba raMwari rokuponesa mumwe nomumwe unotenda, kutanga muJudha, vuye muGiriki vo. Nokuti mairi kururama kwaMwari kunoratidzwa kunobva pakutenda kuchienda kukutenda; sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Wakarurama uchararama nokutenda*" (VaRoma 1:16,17).

Tinoverenga, "*Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Tarira, ndinoisa paZiyoni ibwe rokugumbusa, nedombo rokupinganidza; Unotenda kwaari, haanganyadziswi*" (VaRoma 9:33). Zvakare, "Nokuti Rugwaro runoti: **Aninani unotenda kwaari, haanganyadziswi,**" (VaRoma 10:11).

Pauro unoti, "*Zvandinotarira zvikuru netariro, **kuti handinganyadziswi pachinhu chimwe** asi kuti zvino, sapanguva dzose, nokusatya kwangu kwose Kristu uchakudzwa*

*mumuviri wangu, kana novupenyu, kana nokufa" (VaFiripo 1:20).*

Pauro anoenderera mberi "**Naizvozvo usanyadziswa** nokupupurira Ishe wedu, kana ini, musungwa wake, asi utambudzike pamwe chete neni nokuda kweEvhangeri nesimba raMwari, wakatiponesa, akatidana nokudana kutsvene, zvisingabvi pamabasa edu, asi nokufunga kwake, nenyasha dzaakatiitira munaKristu Jesu nguva dzisati dzavapo, asi kwakaraidzwa zvino nokuvonekwa kwoMuponesi wedu, Kristu Jesu, iye wakaparadza rufu, akabudisa pachena vupenyu nokusavora nenzira yeEvhangeri, yandakaitwa muparidzi, nomuapostora, nomudzidzisi waVahedheni. Nemhaka iyi ndinotambudzika vo nezvinhu izvi, **asi handinyadziswi**: nokuti ndinoziva wandakatenda, ndinoziva kwazvo, kuti unogona kuchengeta chandakamupa kusvikira zuva irero" (2 Timotio1: 8-12).

Zvakare, Pauro anoti, "*Shingaira kuti uzviratidze pamberi paMwari uri munhu wakatendeka, **mubati usingafaniri hake kunyadziswa**, unonatsa kururamisa shoko razvokwadi"* (2 Timotio 2:15). Munyori vechiHeberu anonyora achitaura pamusoro paMwari nevana Vake anoti, "*Nokuti zvakanga zvakafanira kuti iye, wakitirwa zvinhu zvose, vuye wakaita zvinhu zvose, pakuisa kwake vanakomana vazhinji pakubwinya, akwanise Mutungamiriri wokuponeswa kwavo nenzira yokutambudzika. Nokuti uyo, unovaita vatsvene, naivo vanoitwa vatsvene, vose vakabva kunomumwe; nemhaka iyi **haanenyadzi kuvaidza hama**, Zvaanoti, Ndichaparidzira hama dzangu zita renyu, Ndichakuimbirai pakati pekereke"*(VaHeberu 2:10-12).

Anoenderera mberi achiti, "*Asi zvino vanoda imwe inopfuvura nokunaka, ndiyo yokudenga; naizvozvo **Mwari haanenyadzi pamusoro pavo kuti aidzwe Mwari wavo; nokuti wakavagadzirira guta"***(VaHeberu 11:16).

Kefasi anonyora, "*Ivai nehana yakanaka, kuti pavanokuchera, **ivo vanomhura mufambire wenyu wakanaka munaKristu, vanyadziswe**. Nokuti zvirinani, kana kuri kuda kwaMwari, kuti mutambudzike kana muchiita zvakakanaka pakuti kana muchiita zvakaipa. Nokuti naKristu wakatambudzika vo kamwe chete pamusoro pezvivi, iye wakarurama nokuda kwavasakarurama, kuti atiise kunaMwari; wakavurawa hake panyama, asi wakararamiswa nomweya;" (1 Petro 3:16-18). Anoenderera mberi achitaura kuti, "*nokuti**

*kurege kuva nomumwe wenyu uchatambudzika nemhaka yokuti muvurayi, kana mbavha, kana unoita zvakaipa, kana usingaregi zvavamwe; asi kana munhu achitambudzika nokuda kwokuti mukristu, ngaarege kunyadziswa; asi ngaakudze Mwari; nezita iri" (1 Petro 4:15,16).*

Kritsu akati, *"Mumwe nomumwe uchandipupura pamberi pavanhu neni ndichamupupura pamberi paBaba vangu vari kudenga. Asi mumwe nomumwe unondiramba pamberi pavanhu, neni ndichamuramba pamberi paBaba vangu vari kudenga"* (Mateo 10:32,33). Iye zvakare akati, **"Nokuti aninani unonyara pamusoro pamashoko angu parudzi urwu rwovupombwe nokutadza, Mwanakomana womhunhu uchanyara vo pamusoro pake, musi waanovuya nokubwinya kwake naBaba vake navatumwa vatsvene"**(Marko 8:38).

Shamwari yangu umire papi pamberi palshe? **Unotenda** Kwaari here (VaHeberu 11:6; Johane 14:1), kana kuti vakamuramba?

**Vakatenda** here nekubhabatidzwa kuti **uponeswe** (Marko 16:16), kana kuti vakatenda dzidziso dzavanhu?

Uri nengo **yekereke yalshe here** (Mateo 16:18), kana kuti urinengo yekereke yakatangwa nomunhu?

Vakapfeka **zita raKristu** here (Mabasa 4:12), kana kuti vakapfeka zita rakatumidzwa nomunhu?

Rangarira kuti muzuva rekupedzisira tichatongwa nenzwi ralshe pachezvaro (Johane12:48).

Ndapota usasiye Kritsu nechido Chake. Usanyare nokuda Kwake. Tenda Maari, muteerere Iye, nekuraramira Iye, nerimwe remazuva achakubvuma semunhu Vake nekukupa imba ine hupenyu husingaperi kudenga.

